УДК 811.352.3
DOI: 10.31007/2306-5826-2020-4-2-47-87-95

# МЫХЪУНЫГЪЭ КАТЕГОРЭР АДЫГЭБЗЭМ КЪЫЗЭРЫЩЫХЪУ IЭМАЛ НЭХЪЫЩХЬЭХЭР

**БищIо Борис Чэмал и къуэ**, филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ институтым – Федеральнэ къэрал бюджет щIэныгъэ IуэхущIапIэ «Урысейм щIэныгъэхэмкIэ и академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центр» Федеральнэ щIэныгъэ центрым» и филиалым и адыгэбзэ секторым и щIэныгъэ лэжьакIуэ пашэ, kbigi@mail.ru

**Шэру Нинэ Гъумар ипхъу**, филологие щIэныгъэхэмкIэ кандидат, Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ институтым – Федеральнэ къэрал бюджет щIэныгъэ IуэхущIапIэ «Урысейм щIэныгъэхэмкIэ и академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центр» «Федеральнэ щIэныгъэ центрым» и филиалым адыгэбзэ секторым и щIэныгъэ лэжьакIуэ нэхъыжь, nina.sherieva@mail.ru

Лэжьыгъэр тегъэпсыхьащ мыхъуныгъэ гъэпсыкIэр адыгэбзэм къызэрыщыхъу псалъэщI Iэмал нэхъыщхьэхэм я зэпкърыхыныгъэм. Ди къэхутэныгъэм къызэригъэлъагъуэмкIэ, лъабжьэгъусэхэмкIэ лэжьыгъэцIэхэращ мыхъуныгъэр нэхъыбэрэ къызыщагъэлъагъуэр: гъэпсыкIэ мыухахэм *мы-* лъабжьэпэкIэ, уха гъэпсыкIэхэм – *-къым* лъабжьэужькIэ. Адыгэбзэм абы нэмыщI хыболъагъуэ дэIэпыкъуэгъу папщIэу къагъэсэбэп нэгъуэщI лъабжьэгъусэ зэмылIэужьыгъуэхэри (*-нщэ, -джэ, -гуэ, -пцIэ)*, негатив псалъэ щхьэхуэхэри. Мы лэжьыгъэм апхуэдэу дыщыкIэльоплъ Iуэхугъуэ къэтIэтам и нэгъуэщI лъэныкъуэми: мыхъуныгъэ къызэрагъэщI Iэмалхэр я закъуэу къыщыкIуэм нэмыщIкIэ, зы псалъэ гъэпсыкIэм е псалъэухам и кIуэцIкIэ ахэр зэгъусэу, зэкIэлъыхьауэ къызэрыкIуэфым, абы къыдэкIуэу жыIэгъуэм иIэ хъу мыхьэнэм. Абы къыпкърыкIыу гулъытэ хэха худощI мыхъуныгъэ тIуащIэ жыхуаIэми.

Щхьэхуэу къыхэгъэщыпхъэщ мы статьяр проблемэ зытепсэлъыхьымкIэ япэу адыгэбзэкIэ ятха лэжьыгъэу зэрыщытыр, мыбы адыгэбзэкIэ щIэуэ зэхалъхьа бзэщIэныгъэ фIэщыгъэцIэхэр къызэрыщыгъэсэбэпар.

**Зэрыгъуэзэн псалъэхэр**: адыгэбзэ, бзэхабзэ, мыхъуныгъэ гъэпсыкIэ, лъабжьэпэ, лъабжьэужь, псалъэ, лъабжьэгъусэ, мыхъуныгъэ тIуащIэ.

Мыхъуныгъэр − ар грамматикэ категорэхэм ящыщ зыщ, предметым, лэжьыгъэм и щымыIэныгъэр, Iуэхугъуэр къэхъункIэ Iэмал зэрыщымыIэ гурыIуэгъуэр къигъэлъагъуэу.

Мыхъуныгъэ категорэр убзыхуным теухуауэ лэжьыгъэ мымащIэу дунейм къытехьащ, бзэщIэныгъэлI куэди абы тетхыхьащ, ауэ адыгэбзэкIэ мыхъуныгъэм ехьэлIа тхыгъэ куэд щыIэкъым. Адыгэбзэм и кIуэцIкIэ ар джыным, нэхъ кууэ зэпкърыхыным елIэлIахэм ящыщщ КIэрашэ З.И., Рогавэ Г.В., Къумахуэ М.А., Урыс Хь.Ш., Яковлев Н.Ф. [Рогава, Керашева 1996; Кумахов 1971; Урыс 2000: 122–130; Яковлев 1938], нэгъуэщIхэри.

Мыхъуныгъэр ди бзэм къыщагъэлъагъуэ щIыкIэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ: щыIэщ лъабжьэпэ, лъабжьэужь, лъабжьэпэ-лъабжьэужь къэхъукIэхэр, мыхъуныгъэ псалъэкIапэхэр, цIэпапщIэхэр, нэгъуэщI Iэмалхэри [Шэру 2019: 175].

Адыгэ бзэщIэныгъэм къэхута зэрыщыхъуащи, нэхъыбэрэ мыхъуныгъэр къызэрагъэлъагъуэр лъабжьэужь ***-къым***-рэ лъабжьэпэ ***-мы***-рэ псалъэм хэувэкIэрэщ. Абыхэм псалъэухар зытепсэлъыхь Iуэхур, щыIэныгъэр, щытыкIэр иIэныгъэр мыхъуныгъэ хэлъу къагъэлъагъуэ [КЧЯ 2006: 225].

Лъабжьэужь *къым*-р и тхыдэкIэ пкъыгъуитIу зэхэтщ: абхъаз-адыгэ мыхъуныгъэ лъабжьэгъусэ *-м*-рэ *-къы/-къэ-* лъабжьэужьу (иужьрейр упщIэ мыхьэнэ зиIэ *-къы/-къэ* лъабжьэгъусэм къытекIащ).

ГъэпсыкIэ ухам деж мыхъуныгъэ къэзыгъэлъагъуэ *-къым* лъабжьэужьыр псалъэм зэман къэзыгъэлъагъуэ лъабжьэгъусэхэм къащыкIэлъокIуэ, псалъэм папщIэ:

*сы-щыт-къым; сы-тхэ-р-къым; у-еджэ-(р)-къым* (ит зэман);

*къи-ух-а-къым; кIуа-къым* (блэкIа зэман);

*сы-тхэ-ну-къым; сы-дэ-ну-къым* (къэкIуэну зэман).

Лъабжьэужь *-къым*-р поувэ псалъэ лъэпкъыгъуэ псомкIи къэгъэлъэгъуа гъэзэщIэн зэраIуатэ тешэм итым: *Хабзэжь хэкужь **къранэркъым*** [Адыгэ псалъэжьхэр 1994]. *Иджы дяпэкIэ (Къамбот) абы (Аслъэн) нэхъ и гъусэнщ, ищIэри дищIэнщ икIи **щигъэуэнкъым*** [Хьэх 2019: 14].

ЗэраIуатэ тешэм ит лэжьыгъэцIэр, гъэзэщIэну къыщыкIуэкIэ, гъэзэщIакIуэм и ужь итщ. Апхуэдэ гъэзэщIэным хэт мыхъуныгъэ лъабжьэужьым и ужьым иувэфынур координатив лъабжьэужь *-и*-ращ. Абы псалъэухам и зэхэлъыкIэмрэ коммуникативнэ унэтIыныгъэмрэ елъытауэ къалэнитI щегъэзащIэ: гъэщIэгъуэныгъэ тешэм и лъабжьэужь къалэнрэ щхьэусыгъуэ къалэнрэ.

Мыхъуныгъэ лъабжьэужь *-къым*-р лъабжьэужь *-р*-м и ужь иту ит зэманым деж къэкIуэнущ, адрей зэманхэм деж зэман лъабжьэужьхэм къакIэлъокIуэ: *Сэ **фы-с-цIыху-р-къым-и** сы-вэ-псэлъэ-ну-къым.* (*Сурэт:*) *Сэ сыукIытэрт, си напэр сырт, нэщхъеирилэ сыхъуат, жей симыIэжу сыкъэнат, итIани Сэхьид **зыкъезгъащIэртэкъым**, къэзмышэнуми **ищIэркъыми**, щхьэ япэ зыкъригъэщрэ, зыхужезмыгъэIэн щхьэкIэ* [Абазэ 1994: 118].

ГъэпсыкIэ мыухам мыхъуныгъэр лъабжьэпэ къэхъукIэкIэ къыщагъэлъагъуэ. Мыхъуныгъэ мыхьэнэ зиIэ лъабжьэпэ *-мы*-р хуэгъэуш лъабжьэпэм и пэ йоувэ, ауэ, ар хэмытмэ, занщIэу лэжьыгъэцIэм и псалъэпкъыпэм поувэ.

Мыхъуныгъэ лъабжьэпэр къыщагъэсэбэп лэжьыгъэцIэхэм я тешэ гъэпсыкIэхэм: фIэфIыныгъэ, унафэ, елъыта-фIэфIыныгъэ, апхуэдэ дыдэу лэжьыгъэцIэтекI къэхъукIэхэми, тхьэлъанэ псалъэухахэми: *Уэшх **къемышхащэрэт**. Бажафэ Iэрымылъхьэм **ущымыгугъ**, уи гъусэм ущыгугъыу мыщэм **уемыбэн*** [Адыгэ псалъэжьхэр 1994]; *Щхьэм **имылъмэ**, лъэм и мыгъуэщ* [Адыгэ псалъэжьхэр 1994]; ***Умылажьэу** пшхыр хьэрэмщ* [Адыгэ псалъэжьхэр 1994].

Мыхъуныгъэ лъабжьэужь *-къым*-р псалъэуха пажэми хоувэ. Апхуэдэ хабзэр ткIийуэ щызокIуэ уха гъэзэщIэн нэхъыщхьэхэм (пажэхэм): *Сэ **зэхэ-с-хы-р-къым** ар кIуэуэ. Сэ **с-лъагъу-р-къым** ар тхэуэ.*

Мыуха гъэпсыкIэ къэзыгъэлъагъуэ лэжьыгъэцIэр, гъэзэщIэным и къалэныр щызэфIигъэкIым деж, къокIуэ унафэ тешэм иту: ***Фы-мы-шынэ** зывгъэпскIын.*

Мыхъуныгъэ лъабжьэпэ зыхэт лэжьыгъэцIэм предикацэ, Iуэхугъуэ зэфIэкIа къигъэлъэгъуэнкIэ хъунущ, апхуэдэ щIыкIэкIэ псалъэухам синтаксис и лъэныкъуэкIэ кIэух хуэхъуу. Нэхъыбэу апхуэдэ ущрохьэлIэ пасэрей гъэпсыкIэхэр нэхъ къыщызэтена IуэрыIуатэбзэм: *Сосрыкъуэ слъэгъуакъым, Ар зыдэщыIэр **сымыщIэ*** [«Нартхэр» 1995: 76]. *Зэ дызылъэгъуами, доIуэр, Нарт удын **щымыгъупщэнкIэ**!* [«Нартхэр» 1995: 91].

Щапхъэхэм нэрылъагъу къызэращIщи, *сымыщIэ, щымыгъупщэнкIэ* псалъэхэм уха гъэпсыкIэм и пIэр яубыдри псалъэухам и предикат лъабжьэ мэхъу. Апхуэдэ къэхъугъэхэр щыхьэт тохъуэ мыхъуныгъэм и лъабжьэпэ гъэпсыкIэр япэм адыгэбзэм нэхъ убгъуауэ къыщагъэсэбэпу зэрыщытам.

ГъэпсыкIэ мыухам гъэпсыкIэ ухам и къалэн игъэзащIэу ущыхуозэ *Инджыл, КъурIэн, тхьэ, уэлэхьи* псалъэхэр зыхэт тхьэрыIуэ конструкцэхэм. Мы псалъэхэм

я къэгъэсэбэпыкIэм гендер и лъэныкъуэкIэ щхьэхуэныгъэ хыболъагъуэ: *тхьэ*-р зыхэтыр цIыхубз тхьэрыIуэхэрщ, *уэлэхьи*-р – цIыхухъу тхьэрыIуэхэрщ [Афаунова 2016: 81]. ВариантитIми я гъэзэщIэным хэтщ мыхъуныгъэ къэзыгъэлъагъуэ лъабжьэпэ: *Тхьэ, **симыIэ**; Уэлэхьи, **симыIэ***. Мы тхьэлъанэхэм мыуха гъэпсыкIэм уха гъэпсыкIэм и къалэныр щегъэзащIэ, н.ж. мыхъуныгъэ псалъэуха къегъэщI.

Гу лъытапхъэщ хъуныгъэ мыхьэнэ зиIэ тхьэрыIуэ псалъэхэм мыхъуныгъэ гъэпсыкIэ яIэу узэрырихьэлIэм. Абы щыгъуэ лэжьыгъэцIэм хэтщ ищхьэкIэ къыщыгъэлъэгъуа лъабжьэгъусэхэм языхэз: *Тхьэ (алыхь, уэлэхьи) **уэзмытмэ***. Хуэбгъэфащэ хъунущ мыхэр пыгъэщхьа гъэпсыкIэу.

Иджырей адыгэбзэм куэдрэ ущрихьэлIэркъым лэжьыгъэцIэкIэ къэгъэлъэгъуа гъэзэщIэн мыхъуныгъэ лъабжьэпэ зыхэтым уха гъэпсыкIэ иIэу. Мыхъуныгъэ лъабжьэпэкIэ къыщыгъэлъэгъуа лэжьыгъэцIэр гъэпсыкIэ уха зиIэ унафэ тешэм нэхъ и нэщэнэщ.

Тхьэлъанэ псалъэухахэм я мыхьэнэр мыхъуныгъэ лъабжьэпэм яфIигъэкIуэдынкIэ хъунущ: (*КIуацэ Нэхунэ жреIэ:*) – *Алыхь лъапIэу лъэщ, ди щIапIэм псы иримыгъэжыхьыжмэ зэрылъэпкъыу: жэуапыр щыIэрыхьа жэщым нэху укъекIыну пIэрэ?* [Нало 1993: 303]. ГъэпсыкIэ ухам хэт *иримыгъэжыхьыжмэ* лэжьыгъэцIэм хохьэ мыхъуныгъэ къызэрыхъу лъабжьэпэ *мы*-, ауэ лъабжьэужь -*мэ*-м и фIыгъэкIэ абы арэзыгъэ мыхьэнэ егъуэт, н.ж. мыхъуныгъэ конструкцэр -*мэ*-м арэзыгъэ (гъэпсыкIэ уха) конструкцэм хуегъакIуэ.

Къэхьа щапхъэхэм тещIыхьауэ жыпIэ хъунущ зэщхьэщыкIыныгъэр къызэрыгъэлъагъуар псалъэ щхьэхуэхэм я гъэпсыкIэр, зэкIэлъыхьыкIэр, я къэпсэлъыкIэр армырауэ, атIэ, зэрынэрылъагъущи, мыхъуныгъэ къэзыгъэхъу *-къым, мы-* лъабжьэгъусэхэм я закъуэкIэу.

Мыхьэнэ и лъэныкъуэкIэ мыхъуныгъэ псалъэухахэр куэду зэщхьэщедз. Хъуныгъэ къызэрыкI псалъэухахэм елъытауэ уакIэлъыплъмэ, абыхэм яIэщ зэпэщIэт мыхьэнэхэр: *щыIэн – щымыIэн, иIэн – имыIэн, хъун – мыхъун, арэзы – мыарэзы.*

Мыхъуныгъэ къэзыгъэлъагъуэ категорэмрэ гъэзэщIэнымрэ зэхущытыкIэ пыухыкIа я зэхуаку дэлъщ. ГъэзэщIэным щIыгъу мыхъуныгъэрщ жыIэгъуэр зэрыщыту мыхъуныгъэ зыщIыр, псалъэухам и адрей пкъыгъуэхэм ящIыгъу мыхъуныгъэм жыIэгъуэм зэрыщыту хэлъ арэзыгъэр хуэхъуэжыркъым: *Мурат нобэ **къалэкъым** къыздэкIуар. **Мураткъым** нобэ къалэм къэкIуар. Мурат **нобэкъым** къалэм къыщыкIуар.*

Мы конструкцэхэм щызэтехуэркъым синтаксис, логикэ, грамматикэ я лъэныкъуэкIэ псалъэухам и гуэшыкIэр. Дэтхэнэ псалъэухами -*къым* мыхъуныгъэ лъабжьэужьым гъэзэщIэным темыхуэ логикэ-грамматическэ предикатыр къыщигъэлъагъуэкIэ, зыхуэфащэ псалъэуха пкъыгъуэм и пэ къоувэ (*къалэкъым, Мураткъым, нобэкъым*). Апхуэдэ псалъэухахэр арэзыгъэ ныкъуэхэм хохьэ.

Ауэ *Мурат нобэ къалэм къэкIуакъым* псалъэухам мыхъуныгъэ псом и мыхьэнэр синтаксис и лъэныкъуэкIи, логикэ-грамматикэ и лъэныкъуэкIи и гуэшыкIэр щызэщхьщ.

Мыхъуныгъэр къэгъэлъэгъуа зэрыхъу *мы*-мрэ -*къым*-рэ зэгъусэу е гъэзэщIэным зэдыхэту къэкIуэнкIэ хъунущ, е арэзыгъэ псо псалъэухам и пкъыгъуэ нэхъыщхьитIми яхэувэфынущ. Абы кърокIуэ мыхъуныгъэр кIуэду плъыфэ зэмыщхьэр зиIэ арэзыгъэ дыдэ къэхъуныр. Апхуэдэ къэхъугъэм тIуащIэ къэхъукIэкIэ йоджэ: *Ар щIалэ мыгъэсакъым. Ар емыджакъым.*

Мыхъуныгъэ тIуащIэ къыщыхъухэм гулъытэ хэха хуэщIыпхъэщ. Мы фIэщыгъэцIэмкIэ дэ къыдогъэлъагъуэ:

1) Псалъэухам мыхъуныгъэ къэзыгъэлъагъуэ лъабжьэпэ *мы-* е лъабжьэужь -*къым*, абы нэмыщI мыхъуныгъэ цIэпапщIэ е къэхъукIэцIэ зэрыхэтыр;

2) МыхъуныгъитI псалъэухам и зы пкъыгъуэм (е пкъыгъуэ гупым) зэрыхэтыр.

**Мыхъуныгъэр мыдэныгъэр** – ар мыхъуныгъэ тIуащIэм и зы лIэужьыгъуэщ. Мыпхуэдэм деж мыхъуныгъэр ехьэлIащ псалъэухам мыхъуныгъэ къэзыгъэлъагъуэм и пкъыгъуэм.

Мыхъуныгъэр мыдэныгъэр адыгэбзэм къэгъэлъэгъуа щохъу къызэрыкIуэ псалъэухам и гъэзэщIэным лъабжьэпэ *мы*-рэ лъабжьэужь -*къым*-рэ зэуэ хэувэу: *Сэри **сымыкIуэмытэкъым**, Сэри сымыжэф хуарэтэкъым* [«Нартхэр» 1995: 419]. *Сызырагъэзым **семылъэфтэкъым**, Сызэлъами **сыкъыдэмыкIыжыфтэкъым*** [«Нартхэр» 1995: 419]. *Сэ **сыхабзэмыщIэкъым**, Спкърыт лъагъуныгъэм сыригъуэгурыкIуэщ* [«Нартхэр» 1995: 257].

Мыхъуныгъэ тIуащIэм ущыхуозэ мыхъуныгъэ къэзыгъэлъагъуэ лъабжьэгъусэ *мы*-р гъэзэщIэнми гъэзэщIакIуэми яхэту къыщыкIуэм и деж: ***Ямы**гъэпхъу пхъукIэ ищIэр**къым**; Ахъшэ **мы**бжь зэIахыр**къым**.* Мыпхуэдэ конструкцэм деж мыхъуныгъэр тIэунейрэ къэгъэлъэгъуащ: мыхъуныгъэ псор лъабжьэужь -*къым*-кIэ, мыхъуныгъэ никъуэр лъабжьэпэ *мы*-мкIэ.

Пкъыгъуэ нэхъыщхьитIми мыхъуныгъэр тIэу хэту къэкIуэнкIэ хъунущ, мыхъуныгъэ тIуащIэ къагъэлъагъуэу. Абы щыгъуэ а зэпэщIэувэныгъэм мыхъуныгъэ мыхьэнэр егъэкIуэдри, фIэкIыпIэ зимыIэ арэзыгъэ къохъу, пщэрылъыгъэ, Iэмалыншэу къэхъуныгъэ, Iэмал имыIэныгъэ мыхьэнэ къикIыу. Апхуэдэ къэхъугъэм мыхъуныгъэ тIуащIэкIэ йоджэ.

МыхъуныгъитI хэтынкIэ хъунущ гъэзэщIэн зэхэлъым, къапщтэмэ, лэжьыгъэцIэ гъэзэщIэн зэхэлъым. Абы къокIыр мыхъуныгъэ гъэпсыкIэ гъэзэщIэн зэхуэмыдэхэм – гуэдзэми нэхъыщхьэми – зэуэ яIэнкIэ хъуну: *Ар къо**мы**плъыну лъэкIын**къым**.*

IуэхудэкIуэрэ гъэпсыкIэ уха зиIэ лэжьыгъэцIэрэ зэхыхьэу къэхъуа гъэзэщIэн зэхэлъми арэзыгъэ хэлъу мэхъу: *зэхи**мы**хауэ щыт**къым**; **имы**лъэгъуауэ щыт**къым**; **имы**щIауэ щыт**къым**.*

Мыбдеж, *мы*-мрэ -*къым*-мрэ зэхыхьэкIэрэ, мыхъуныгъэ тIуащIэм мыхъуныгъэр щегъэкIуэдри арэзыгъэм хуегъакIуэ: – *Тхьэ, «уэ фIэкIа зыми къахуигъэкIуэнукъым», жаIэри сакъыдэмыкIуэу ямыда* [Нало 1990: 167].

Зэрытлъагъущи, мыхъуныгъэ тIуащIэр арэзыгъэм хуэкIуэныр къэзышэр мыхъуныгъэ къэзыгъэлъагъуэ лъабжьэпитIым я зэдыщIыгъуныгъэрщ.

Мыхъуныгъэ тIуащIэ къэхъукIэхэр иджыри щыIэнущ:

1) Мыхъуныгъэ гъэзэщIэн *хъунукъым*-мрэ мыхъуныгъэ гъэпсыкIэ мыуха Iыхьэрэ псалъэухахэм зэдыщыхэтмэ: *жомыIэу хъунукъым = жыпIэн хуейщ; демыплъу хъунукъым = деплъын хуейщ; сымыкIуэу хъунукъым = сыкIуэн хуейщ. Мис иджыпстуикI (Безрыкъуэ) нысащIэм Iуэху хуиIэ хъуащ мылъку щIыным теухуаи, **мыкIуэу хъунукъым** Iуэху хьэлъэ дыдэ бгъэдихьэу – и пщыкъуэ нэхъыщIэм дэкIуэжыну къытригъэхьэн хуейщ* [Нало 1990: 356].

2) *ЛъэкIын* псалъэ мыхъуныгъэ гъэпсыкIэм итымрэ мыхъуныгъэ инфинитиврэ зэхыхьэмэ: *семыгупсысын слъэкIыркъым; къэмыкIуэн лъэкIыркъым; мыпсэлъэн лъэкIакъым; имылъагъун лъэкIакъым. НэгъуэщI зыгуэрым техи нэхъыфIщ... – имыдэу пщащэм лъэ зрегъанэ, нэхъри плъыжь мэхъу, и напIэр ехьэхащ, ауэ сурэттехым ар апхуэдизкIэ ткIийуэ иIыгъщи, абы щIыгъуу **мыкIуэн лъэкIыркъым*** [ЩоджэнцIыкIу 1962: 73].

Мыбдежым мыхъуныгъэ тIуащIэм субъектым имыгъэзащIэу мыхъуну лэжьыгъэ, абы нэмыщIи Iэмал имыIэныгъэ мыхьэнэр къегъэлъагъуэ.

*Мы- + лъэкIыркъым* конструкцэм и мыхьэнэгъуу мэув *хъунукъым* мыхъуныгъэ гъэзэщIакIуэр – мыхъуныгъэ лэжьыгъэцIэ гъэпсыкIэ мыухам арэзыгъэ Iэмалыншэ, н.ж. пщэрылъыгъэ, къыщызыгъэлъагъуэр.

Сытым щыгъуи арэзыгъэ (Iэмалыншэу хуеиныгъэ) мыхьэнэ яIэщ уасэхуэщI жыIэгъуэхэм: *къомыгъэлъагъуэу хъунукъым; къомылъытэу хъунукъым; жомыIэу хъунукъым; арэзы утемыхъуэу хъунукъым. Къуажэм фэбжьу къыдэхъуитIым языр хьэм иуIарэ шым идзарэщ. **Арыншауи хъунукъым**: (адыгэхэм) я хьэр удэфам, я шыр емылыджщ* [Нало 1990: 162].

3) Мыхъуныгъэ гъэпсыкIэ *хуиткъым (хуитыныгъэ иIэкъым)* жыхуиIэм гъэпсыкIэ мыуха Iыхьэми и мыхъуныгъэр щыщIыгъум деж: *Тхылъыр фIыуэ сымылъагъуну сыхуиткъым; сымыкIуэну сыхуиткъым; яримытыну хуиткъым.*

(*Псэбыдэ:*) – *Дыгъуасэ-вэсэмахуэ, зы телевизорым къитІысхьауэ жеІэ: хамэ къэрал банкхэм щІыхуэ* ***къыдамытыну хуиткъым*** [МафІэдз 2003: 226].

ГъэзэщІэн зэхэтым и гъэпсыкІэ уха нэхъыщхьэм къегъэув адрей Іыхьэр щхьэрэ бжыгъэкІэ къекІуну. Аращ апхуэдэ зэпхыгъэхэм щхьэмрэ бжыгъэмрэ къыщІыщыгъэлъэгъуар.

МыхъуныгъитІым я зэпэщІэувэныгъэм мыхъуныгъэр игъэкІуэду къохъу мыхъуныгъэр гъэзэщІэн зэхуэмыдэхэм (нэхъыщхьэмрэ гуэдзэмрэ) щыхэтым, мыхъуныгъэ тІуащІэм хуишэу: *Сэ* ***сщІэркъым*** *ар* ***мыкІуэу***. *Сэ* ***слъэгъуакъым*** *ар* ***мышхэу***.

Мыхъуныгъэ тІуащІэ псалъэухам зэрыхэтым Іэмал къуе мыхъуныгъэ герундий предикат гуэдзэу къэбгъэсэбэпыну.

Мыхъуныгъэ тІуащІэр къохъу (язынэкъуэхэм деж) мыпхуэдэ къэхъукІэ зэмылІэужьыгъуэхэмкІэ:

1) *мы*- мыхъуныгъэ лъабжьэпэрэ зыгуэр щымыІэныгъэ мыхьэнэ зиІэ -*нштэ* псалъэужьымрэ зэхыхьэкІэрэ: *СызэригугъэмкІэ ар* ***мы-ахъшэ-нштэ***. *Ар* ***мы-щІэныгъэ-нштэ***. *Куэдыщэрэ зэримыгъэныкъуэкъуу, езы Исмел кІыхьу къригъэжьащ: – ...Фи духэр* ***щымыгъавэнштэр*** *сыт зэман?* [Теунэ 1980: 69].

2) -*къым* мыхъуныгъэ псалъэужьымрэ -*нштэ* псалъэужьымрэ зэхыхьэкІэрэ*: Ар* ***тхылъы-нштэ-къым***. *Ар* ***Іыхьэ-нштэ-къым***. *Ар* ***Іуэху-нштэ-къым***. *(Мадинэ Залым жреІэ:)* – *Уэ уи щхьэм япэ ибгъэщын щыІэкъым, уи фІылъагъуныгъэ къудейр* ***хьэрэмыгъэнштэкъым***, *хэт дежи, си дежи уи щхьэращ фІыуэ щыплъагъур...* [Абазэ 1994: 242].

3) Псалъэухам *щыІэкъым* псалъэмрэ -*нштэ* псалъэужьымрэ хэтмэ: *Насыпынштэ шыІэщи*, ***гугъэнштэ щыІэкъым***.

Щапхъэхэм къызэрагъэлъагъуэмкІэ, мыхъуныгъэр мыдэныгъэм къегъэхъу «арэзыныгъэ къабзэ», и лъэкІыныгъэри имыгъэлъахъшэу, тешэ мыхьэнэи къыхимыгъэхьэу. Абы щыхьэт тохъуэ мыхъуныгъэр зэрыщІэхуабжьэри.

Шэч уэзыгъэщІ щхьэусыгъуэ щыІэщ мыхъуныгъэр мыдэныгъэмрэ арэзыныгъэмрэ я зэфІэкІкІэ зэрызэхуэмыдэм. Псалъэм папщІэ, мыхъуныгъэ тІуащІэ зыхэт псалъэуха «*Ар насыпынштэкъым»* жыхуиІэр мыхьэнэкІэ хуэкІуэркъым лъабжьэужьхэу -*нштэ* + -*къым* зыхэмытым. Ауэ абы къикІыркъым мыхъуныгъэр мыдэныгъэм арэзыгъэ къуимыту. Мыхъуныгъэ тІуащІэм ухуешэ *насыпыфІэщ* жыхуиІэ къежьапІэм емыщхь арэзыныгъэм. Псалъэм папщІэ: *къарууфІэ – къаруунштэ –* (*махэ*)*; щІалэ – мыщІалэ* (*жьы*) гъэпсыкІэхэм зэпэщытыгъэ (антонимие) къагъэхъуркъым. Абы хуэдэ дыдэу къэхъу псалъэхэр: *насыпыфІэщ – насыпынштэщ; дахэщ – дахэкъым* гъэпсыкІэхэр я мыхьэнэкІэ зэпэщІэтщ. Ауэ мы дызытепсэлъыхьа къэхъугъэр адрейхэм емыщхьу аращ, армыхъумэ мыхъуныгъэр мыдэныгъэр арэзыгъэм пэхъу хабзэщ.

Гу лъомытэу къэбгъанэ хъунукъым тхьэрыІуэ псалъафэ арэзыныгъэ мыхьэнэ зиІэ зи гъэзэщІэным мыхъуныгъэ лъабжьэпэ хэтым: *Тхьэ* ***уэзмытмэ***. Абы хуэдэ жыІэгъуэхэм арэзыныгъэ къэзыгъэлъагъуэ лэжьыгъэцІэр дохури, елъыта тешэм ит лэжьыгъэцІэм и къалэныр егъэзащІэ: *Тхьэр согъэпцІ, уэзмытмэ. Тхьэр согъэпцІ* жыхуиІэм езым мыхъуныгъэ мыхьэнэ иІэу щытщ. Мыхъуныгъэ мыхьэнэ къэзыгъэлъагъуэ лэжьыгъэцІэм гъусэ хуэхъумэ (мыхъуныгъэ тІуащІэ), апхуэдэ зэхэлъыкІэм арэзыныгъэ мыхьэнэ егъуэт.

Мыхъуныгъэ гъэпсыкІэ яІэщ жьабзэ штампхэми: *нэгъуэщІ мыхъуми, нэхъ мыхъуми, дуней* (*зы*) *Іэмал иІэкъым* (*щыІэкъым*). *Ауэ щыхъукІэ Хьэжысмел къыкІэрыхуну, зыІурамылъхьэжу щысыну дуней зы Іэмал щыІэкъым* [МафІэдз 2003: 46].

Мыхъуныгъэ мыхьэнэр нэхъ игъэлъэщу псалъэухам псалъэ лъэпкъыгъуэ зэмылІэужьыгъуэхэр псалъэзэпыщІэ-лъабжьэгъусэ *и*- япыту хоувэ: *зыри, зыми, зыкІи, зыщІыпІи, зэи, ауи, зыгуэри*.

Мыхъуныгъэ цІэпапщІэхэр псалъэухам гъэзэщІакІуэу, хэгъэхъуэну, гъэнэхуакІуэу къыщокІуэ: *Къуэ зэвым* ***зыри*** *щыІэуэлъауэркъым. Мы гъэм иджыри*

***зыри** щIым хэтсакъым. ЕгъэджакIуэм къыджиIа къомым щыщу **зы** хъыбар **гуэри** си гум схуиубыдакъым.*

ЦIэпапщIэхэмрэ къэхъукIэцIэ зи гъусэу къакIуэ псалъэхэмрэ мыхъуныгъэм и лъабжьэпэ *мы*-кIэ, е лъабжьэужь *-къым*-кIэ мыхъуныгъэ тIуащIэ къагъэхъу: *Мусэ фIэкI зыми иуIыхуркъым* [Нало 1993: 291]; − *Уа щIалэ, − кьыхопсэлъыкI зы лIыжь (Къантемыр зыхуегъазэри), − игъащIэ лъандэрэ псыщIэгъэлъадэ жыхуаIэр дымыщIэу дыкъогъуэгурыкIуэри, тхьэ дыгъыIэ, абы щхьэкIэ нэхъ хуэмыхуу дылажьэу щытауэ зыми жимыIэфын. Наурыз пэжыр имыщIэу уэ нэхъ пщIэ уи гугъэ?* [Мысачэ 1991: 152].

Псалъэ къэзыгъэхъу лъабжьэужьхэм а псалъэхэм мыхъуныгъэ мыхьэнэ ират. Адыгэбзэм щызекIуэ *-къым* мыхъуныгъэ лъабжьэужьым къадэкIуэу куэду къагъэсэбэп псалъэ къэзыгъэхъу мыхъуныгъэ лъабжьэужьхэу ***-ншэ, -джэ***: *Iуэхуншэ, купщIэ-ншэ, мыхьэнэ-ншэ, фа-джэ, лъа-джэ*. Абыхэм къарыкIыр «зыгуэрым щыщIэн», «зыгуэр имыIэн» жиIэу ращ. Мы лъабжьэужьхэм мыхъуныгъэ мыхьэнэр псалъэм зэрыхалъхьэм къыхэкIкIэ, ахэр антонимхэр къэзыгъэхъу Iэмэпсымэхэм хэту къыщагъэлъагъуэ щыIэщ [Кумыкова, Кумыкова (Гучапшева) 2020: 84].

Шэч хэмылъу, дэтхэнэ лъабжьэужьми мыхьэнэ пыухыкIа хелъхьэ псалъэм:

*-ншэ*-р щыIэцIэм и пкъым пыувэкIэрэ плъыфэцIэ къегъэхъу, ар зыпыщIа псалъэм емыпхауэ: *акъыл − акъылыншэ, хьэл – хьэлыншэ, щыгъын − щыгъыншэ, псалъэмакъ − псалъэмакъыншэ*.

*-ншэ, -джэ* лъабжьэужьхэр зыпыувэр щыIэцIэм и пкъырщ. Абыхэм къагъэхъу нэщэнэ къэзыгъэлъагъуэ плъыфэцIэхэр: *къару − къаруушэ, лIыгъэ – лIыгъэншэ, теплъэ – теплъаджэ, сурэт − сурэтыджэ*. ПлъыфэцIэм и пкъым ахэр пыувэмэ, псалъэм и лексикэ мыхьэнэм къыхахьэ щыщIэныгъэ мыхьэнэ гуэр.

Лъабжьэужь *-ншэ, -джэ* зыхэт лексемэхэм псалъэухам щаубыд субъект е предикатив увыпIэр: *Iуэхуншэр – насыпыншэщ* [Адыгэ псалъэжьхэр 1994].

Мыхъуныгъэ къэзыгъэлъагъуэ *-ншэ, -джэ* цIэ лъабжьэгъусэхэр нэгъуэщI мыхъуныгъэм гъусэ щахуэхъум деж мыхъуныгъэр мэкIуэдри хъуныгъэм хуокIуэ: *мыакъылыншэ, мыбыныншэ, мыбзаджэнаджэ мылъаджэ*.

***-Гуэ*** лъабжьэужьыр и мыхьэнэкIэ *-ншэ*-м пэгъунэгъущ. Абы къегъэлъагъуэ псалъэпкъым къыщыгъэлъэгъуа гуэрым и хущыщIэныгъэ, е иримыкъуныгъэ. Мыпхуэдэ мыхъуныгъэ къэхъукIэр нэхъ зи нэщэнэр цIыхум е псэущхьэм и пкъыгъуэхэр къэзыгъэлъагъуэ щыIэцIэхэращ. *-Гуэ* лъабжьэужьыр щыIэцIэхэм я псалъэпкъым пыувэкIэрэ плъыфэцIэ къегъэхъу: *дзэ − дза-гуэ; бзэ − бза-гуэ; пэ – па-гуэ*.

***-Къэ*** лъабжьэужьым мыхъуныгъэ нэщэнэ къегъэлъагъуэ, ар зыпыувэр щыIэцIэхэращ, плъыфэцIэ къигъэхъуу: *пэ – пакъэ; ныбэ – ныбэкъ; пащIэ − пащIакъэ*.

***-ПцIэ*** лъабжьэужьым и къежьапIэр «пцIанэ» цIэ псалъэпкъращ, зыпыувэри щыIэцIэрщ, зытепсэлъыхь объектым хьэпшып гуэрхэр къызэрыхуэтыр къигъэлъагъуэу: *лъэ – лъапцIэ; щхьэ – щхьэпцIэ; Iэ – IэпцIэ*.

Мыхъуныгъэ мыхьэнэ къикIыу, ищхьэмкIэ къыщыгъэлъэгъуа цIэпапщIэхэмрэ къэхъукIэцIэхэмрэ ещхьу, псалъэухам хэувэнущ мыхъуныгъэ мыхьэнэ къэзыгъэлъагъуэ ***хьэуэ***-р. ПсалъэкIапэ *хьэуэ*-р нэхъыбэрэ къызэрагъэсэбэпыр цIэхэмрэ цIэпапщIэхэмрэ я пэ къит гъусэущ, къинэмыщIауэ абы псалъэуха псом и мыхьэнэ щигъуэти щыIэщ: − ***Хьэуэ**, Зэрылэ, − Аружан адэшыпхъум и псалъэр зэуэ Iэпеуд* [ЩоджэнцIыкIу 1962: 206]. Мыр къэкIуэнкIи хъунущ псалъэухам мыхъуныгъэ къэзыгъэлъагъуэ лъабжьэпэ *мы*-, лъабжьэужь *-къым* зыхэт гъэзэщIэным щIыгъуу.

*Хьэуэ+мы-: (НэхъуатIэ ТIатIэ жреIэ:) − Хьэуэ, ухуримыкъу (Дыгъэнэху цIыкIу), уемышхыдэ* [МафIэдз 1988: 76].

*Хьэуэ+-къым*: (*ТIатIэ Бильостэн жреIэ:*) − *Хьэуэ, сыхуейкъым. СыпIыщIэркъым* [МафIэдз 1988: 83].

Мыхъуныгъэр куэдрэ лъабжьэгъусэншэуи къэгъэлъэгъуа мэхъу псалъэухам и зэхэлъыкIэ зэмылIэужьыгъуэхэмрэ псалъэ щхьэхуэхэмкIэрэ, зэуэкI макъщIыкIэ

хэлъу къапсэлъхэу. Апхуэдэ мыхьэнэ яIэу къокIуэ *нытIэ, Iейуэ, иджыпсту, щыгугъ* псалъэхэр. Абы нэмыщI мыхъуныгъэм и къалэнхэри ягъэзащIэ мыпхуэдэ жыIэгъуэхэми: *щыгугъи щыс* (зыщымыгугъынум, къемыхъулIэнум щыгугъым жраIэ псэлъафэщ), *нэхъ къэпщтэнт?: НытIэ. Уэ къожьэри зэхэсщ. − Щыгугъи щыс, къыпхуитхынщ. Къалэм кIуэрэ еджапIэ щIэтIысхьэмэ, щыгугъи щыс, Астемыр!* [Бозий 2003: 16].

Жанр щхьэхуэхэм къыхэха текстхэм ущеплъкIэ, наIуэ мэхъу *хьэуэ*-м увыпIэ хэха псалъэухам зэрыщимыIэр, хуиту зэрызекIуэр, псалъэухам и пэм, и кум е и кIэм хэту: *Студентыр сыт щыгъуи студентщ, ауэ зауэ нэужь студентыр студент псом я студентыжщ: щыгъынышэщ, шхынышэщ, унэншэщ, **хьэуэ** а псори иIэщ, ауэ зыри ирикъуу иIэкъым − зэпымыууэ и щыгъыныр зэфIэмыхьэщ, зэпымыууэ мэмэжалIэ, унэ щигъуэтым − гъуэлъыпIэншэщ, гъуэлъыпIэ щигъуэтым − тепIэнынышэщ, ар игъуэтым уэздыгъэншэщ...* [Нало 1993: 415].

*Хьэуэ* псалъэкIапэр мыхъуныгъэ гъэпсыкIэм ит псалъэхэм щагъусэм деж абыхэм я мыхъуныгъэ мыхьэнэр щIегъэбыдэ: *Ефэндым **хьэуэ** къыхигъэкIакъым* [МафIэдз 1988: 145].

ТIу щызэпсалъэм деж *хьэуэ*-р жэуап зытым и псалъэщ, упщIэм мыхъуныгъэ псалъэкIапэ хэтынкIи, хэмытынкIи хъунщ. УпщIэм мыхъуныгъэ къимыкIыу щытмэ, ар жэуапым хэтынущ. (*Аружан:*) *− Хьэуэ, хьэуэ, Софят, зыми жепIэнкIэ амал иIэкъым!..* [ЩоджэнцIыкIу 1963: 202]. Щапхъэм къызэрыхэщымкIэ, жэуапым упщIэм зэрыщыту, е и Iыхьэм, къыщытригъэзэжынкIи мэхъу. *Хьэуэ*-р тIэу къытригъэзэжу щытмэ, мыхъуныгъэ мыхьэнэр щIегъэбыдэ.

КъызэрыгуэкI псэлъэкIэм къыщагъэсэбэп псалъэкIапэ *хьэуэ*-м и мыхьэнэгъуу къэув ***аIэ-***, ***IыIы***-хэр, «сыхуейкъым» мыхьэнэр иIэу, и пэкIэ жаIам арэзы зэрытемыхъуэр къагъэлъагъуэу: ***IыIы**, сыхуейкъым сыкIуэну. **АIэ, аIэ**, а жыпIэр сыт?! − Хьэуэ, хъунукъым дгъазэ! − жеIэ Тхъуэжьейм* [«Нартхэр» 1995: 137].

*АIэ* псалъэкIапэр литературэбзэм куэдрэ къыщагъэсэбэпыркъым. Нэхъыбэрэ узыщрихьэлIэр жьэрыIуатэбзэращ. Мы псалъэкIапэр япыщIауэ щытщ мыхъуныгъэ къэзыгъэлъагъуэ лэжьыгъэцIэхэм: ***АIэ, аIэ**, абы* (*Софят*) *зитIэщIыну ауи игугъэххэкъым... И щхьэ узыр увыIэхукIэ тIэкIу щылъынщ* [ЩоджэнцIыкIу 1963: 224]. *АIэ*-р нэхъыбэрэ къыщагъэсэбэпыр унафэ псалъэхэм къакIэлъыкIуэ жэуапхэрщ.

*Хьэуэ, аIэ* псалъэкIапэхэр зы псалъэм е псалъэуха псом ехьэлIауэ щытынкIи мэхъу. КъинэмыщIауэ, ахэм псалъэухам и мыхьэнэ щагъэзащIи щыIэщ (псалъэ-псалъэуха). Апхуэдэхэм деж нагъыщэхэр зэрагъэувыр псалъэухам и кIэм хуэдэущ: (*Сэлихь Бэчыр жреIэ:*) −***Хьэуэ, хьэуэ!** ЛъэIуакIуэкъым, — согузавэр, лъэIуакIуэ сыкIуауэ къызэрыфIэщIам папщIэ* [Брат 1988: 137].

*Хьэуэ* псалъэкIапэм и зэфIэкIыр нэхъыбэщ *аIэ*-м ейм нэхърэ – етIуанэр нэхъ къыщагъэсэбэпыр гъэува упщIэм и жэуапущ. Сыт хуэдэуи къэбгъэсэбэп хъу *хьэуэ*-м елъытауэ, *аIэ*-р жызыIэм и ныбжьыр къегъэлъагъуэ: *− **Хьэуэ, хьэуэ**, Тыгъуэн, гурыщхъуэ лъэпкъ пхуэсщIыркъым, фэжагъуи уэсплъыркъым, − зэреплъа щIыкIэм иришынэжауэ убзэрт Шэджэмокъуэ дадэр* [Теунэ 1980: 10]. *– Мыщэрщэ, мыщэр? – жыпIэрэ уеупщIамэ, – **аIэ**, ущIэмыупщIэ абы, а мыкIуэмытэжьым* (*жиIэрт Сэфар*) [КIэрэф 2009: 405].

Ди лэжьыгъэм щызэпкърытхащ псалъэухахэм мыхъуныгъэ гъэпсыкIэр къэгъэлъэгъуа зэрыщыхъу Iэмалхэр. Зэрытлъагъущи, нэхъ убгъуауэ къагъэсэбэп хэкIыпIэ нэхъыщхьэхэм (*-мы, -къым* лъабжьэгъусэхэм) нэмыщI мыхъуныгъэ гъэпсыкIэхэм увыпIэшхуэ щаубыд нэгъуэщI лъабжьэгъусэхэми: *-джэ, -гуэ, -пцIэ,* негатив псалъэ щхьэхуэхэми: *хьэуэ, аIэ, IыIы, нытIэ, Iейуэ, иджыпсту, щыгугъ,* н.

Псалъэухам / псалъэм, къызэрагъэсэбэп елъытакIэ, мыхъуныгъэм мыхьэнэм зыщригъэхъуэжыфынущ, псалъэм папщIэ, мыхъуныгъэ защIэм мыхъуныгъэ, мыарэзыныгъэ мыхьэнэ къиIуэтэнущ, мыхъуныгъэр мыдэныгъэр – мыхъуныгъэ къэзыгъэлъагъуэ лъыбжьэгъусэхэм псалъэм къыщытрагъазэкIэ – хъуныгъэ мыхьэнэ иIэ мэхъуж.

КIэухыу жыIапхъэщ: мыхъуныгъэ категорэр зэмылIэужьыгъуэ, зэмыщхь куэдуи зэхэлъщ, а псом я гъэпсыкIэ-ухуэкIэр зэхэбгъэкIынуи тыншкъым. Мы категорэр дяпэкIэ гулъытэ хэха зыхуэщIыпхъэ IэнатIэу къонэ.

## ТегъэщIапIэ хъуа литературэр


1. *Абазэ Л.* Анэм и джэ макъ // Бжьыхьэ нэпсхэр: повестхэмрэ рассказхэмрэ. Налшык: Эльбрус, 1994. 280 н.

2. Адыгэ псалъэжьхэр. Зыгъэхьэзырар ГъукIэмыхъу А., КъардэнгъущI З. Нальшык: Эльбрус, 1994. 325 н.

3. *Афаунова А.А.* Гендеровозрастные различия коммуникативного использования междометий в кабардино-черкесском языке // Вестник Института гуманитарных исследований ПравительстваАф Кабардино-Балкарской Республики и Кабардино-Балкарского Научного центра Российской академии наук. 2016. № 3 (30). С. 79-82.

4. *Бозий Л.* ГъащIэ гъуэгуанэ // ГъащIэ гъуэгуанэ. Повестхэмрэ рассказхэмрэ. Налшык: Эльбрус, 2003. 275 н.

5. *Брат Хь.* Гугъэр адэжь щIэинщ // Ди жьэгуми мафIэ шыблэжынщ. Повестхэр. Рассказхэр. Черкесск: Ставрополь тхылъ тедзапIэ. Къэрэшей-Шэрджэс отделенэ. 1988. 312 н.

6. *Кабардино*-черкесский язык: В 2 т. / Главный редактор М.А. Кумахов. Т. 1. Нальчик: Эль-Фа, 2006. 550 с.

7. *Кумахов М.А.* Словоизменение адыгских языков. М.: Наука, 1971. 342 с.

8. *Кумыкова Д.М., Кумыкова Э.Т.* Особенности структурной классификации антонимов кабардино-черкесского языка // Вестник Кабардино-Балкарского института гуманитарных исследований. 2020. № 3 (46). С. 82–89.

9. *КIэрэф М.* Сэфар // Лъэужь е лIэужь. Повестхэр. Налшык: Эльбрус, 2009. 572 н.

10. *МафIэдз С.* Мыхъур // Мыхъур. Повестхэр. Налшык: Эльбрус, 2003. 344 с.

11. *МафIэдз С.* Мыщэ лъэбжьанэ. Роман. Налшык: Эльбрус, 1988. 544 н.

12. *Мысачэ П.* Псыхъуэ гуащэ // Тхыгъэхэр. Повестхэр, Рассказхэр, Пьесэхэр. Налшык: Эльбрус, 1991. 312 н.

13. *Нартхэр.* Къэбэрдей эпос. Налшык: Эль-Фа, Тхылъ тедзапIэ компание «Ашэмэз», 1995. 560 н.

14. *Нало А.* Нэхущ шу. Роман. Налшык: Эльбрус, 1990. 359 н.

15. *Нало А.* Къэрэгъул зэблэкIыгъуэ // Тхыгъэ къыхэхахэр. Томи-3-м щызэхуэхьэсауэ. Т. I. Нальчик: Эльбрус, 1993. 464 н.

16. *Нало А.* Пшэплъ жыжьэхэр // Тхыгъэ къыхэхахэр. Томи-3-м щызэхуэхьэсауэ. Т. I. Нальчик: Эльбрус, 1993. 464 н.

17. *Рогава Г.В., Керашева З.И.* Грамматика адыгейского языка. Краснодар-Майкоп: Краснодарское книжное издательство, 1966. 462 с.

18. *Урыс Хь.Щ.* Адыгэбзэм и тхыдэ. IыхьитIу зэхэлъу. Налшык: Эльбрус, 2000. 360 н.

19. *Теунэ Хь.* Шэджэмокъуэ лъэпкъыр // Тхыгъэ нэхъыщхьэхьэр томитIу. ЕтIуанэ Iыхьэ. Налшык: Эльбрус, 1980. 568 н.

20. *Хьэх С.* Ищхъэрэ. Роман. Налшык: Эльбрус, 2019. 440 н.

21. *Шэру Н.Гъу.* Мыхъуныгъэр псалъафэхэмрэ псалъэжьхэмрэ къэгъэлъэгъуа зэрыщыхъу Iэмалхэ // Вестник Кабардино-Балкарского института гуманитарных исследований. 2019. № 4-1 (43). С. 175–182.

22. *ЩоджэнцIыкIу I.* Софят и гъатхэ. Налшык: Къэбэрдей-Балъкъэр тхылъ тедзапIэ, 1962. 232 н.

23. *Яковлев Н.Ф.* Краткая грамматика кабардино-черкесского языка. Вып. I. Синтаксис и морфология. Ворошиловск: Орджоникидзевское краевое издательство, 1938. 143 с.


# ОСНОВНЫЕ СПОСОБЫ ОБРАЗОВАНИЯ ОТРИЦАТЕЛЬНОЙ ФОРМЫ В КАБАРДИНО-ЧЕРКЕССКОМ ЯЗЫКЕ

**Бижоев Борис Чамалович**, доктор филологических наук, ведущий научный сотрудник кабардино-черкесского языка, Институт гуманитарных исследований – филиал Федерального государственного бюджетного научного учреждения «Федеральный научный центр «Кабардино-Балкарский научный центр Российской академии наук» (ИГИ КБНЦ РАН), kbigi@mail.ru

**Шериева Нина Гумаровна**, кандидат филологических наук, старший научный сотрудник сектора кабардино-черкесского языка Института гуманитарных исследований – филиала Федерального государственного бюджетного научного учреждения «Федеральный научный центр «Кабардино-Балкарский научный центр Российской академии наук» (ИГИ КБНЦ РАН), nina.sherieva@mail.ru

Работа посвящена анализу способов выражения отрицания в кабардино-черкесском языке (суффексальный, префиксальный, суффиксально-префиксальный). Выбор того или иного способа отрицания теснейшим образом связан со статусом глагольной лексемы и зависит от ее финитности и инфинитности. В основном, отрицание образуется с помощью префикса *мы-* и суффикса *–къым*. Наряду с ними важное место в выражении отрицания занимают и другие аффиксы: *-нщэ, -джэ, -гуэ, -пцIэ*, отрицательные частицы *хьэуэ, аIэ*, отрицательные местоимения.

Как правило, префикс отрицания *мы-* стоит перед корнем. При образовании отрицания суффикс *–къым* присоединяется к основам имен, которые в предложнении выполняют функцию сказуемого. Совместное употребление префиксального и суффиксального отрицания, приводит к двойному отрицанию. Подобное комбинированное (двойное) отрицание в итоге дает положительную семантику, и это явление представляет особый интерес для лингвистики.

Данная статья фактически является первой работой по поднятой проблеме, написанной на кабардино-черкесском языке с применением новой терминологии, разработанной на этом языке и впервые вводимой в научный оборот.

**Ключевые слова**: кабардино-черкесский язык, грамматика, способ отрицания, приставка, суффикс, слово, аффикс, двойное отрицание.

## BASIC WAYS OF FORMATION OF NEGATIVE FORM IN THE KABARDINO-CHERKESS LANGUAGE

**Bizhoev Boris Chamalovich**, Doctor of Philology, Leading Researcher of the of Sector of Kabardino-Circassian Language of the Institute for the Humanities Research – Affiliated Federal State Budgetary Scientific Establishment «Federal Scientific Center «Kabardian-Balkarian Scientific Center of the Russian Academy of Sciences» (IHR KBSC RAS), kbigi@mail.ru

**Sherieva Nina Gumarovna**, Candidate of Philology, Senior Researcher of the Kabardino-Circassian Language Sector of the Institute for the Humanities Research – Affiliated Federal State Budgetary Scientific Establishment «Federal Scientific Center «Kabardian-Balkarian Scientific Center of the Russian Academy of Sciences» (IHR KBSC RAS), nina.sherieva@mail.ru

The work is devoted to the analysis of ways of expressing negation in the Kabardino-Circassian language (suffix, prefix, suffix-prefix). The choice of this or that method of negation is closely related to the status of the verbal lexeme and depends on its finiteness and infiniteness. Basically, negation is formed using the prefix *we-* and the suffix *-kym*. Along with them, other affixes also occupy an important place in the expression of negation: *-nshe, -dzhe, -gue, -ptsIe*, negative particles *heue, aIe*, negative pronouns.

Typically, the negation prefix *we-* comes before the root. When forming a negation, the suffix *-kym* is attached to the stems of names, which in the sentence perform the function of the predicate. The combined use of prefix and suffix negation results in double negation. This combined (double) negation ultimately gives positive semantics, and this phenomenon is of particular interest for linguistics.

This article is in fact the first work on the problem raised, written in the Kabardino-Circassian language with the use of new terminology developed in this language and introduced into scientific circulation for the first time.

**Keywords**: Kabardino-Circassian language, grammar, method of negation, prefix, suffix, word, affix, double negation.

DOI: 10.31007/2306-5826-2020-4-2-47-87-95